ВЕЖАРИЙ
ГРИММ

# ЦІЕН
# КУЙ БЕРГ





Генарчу заманахь ехаш-Iаш хилла цхьа хаза жима йоI. ЧIогIа комаьрша, дика йоI хилла иза. Ша цкъа бен ца гинчунна а даггара езалуш хилла иза. Амма уггар и йоI дукхаезаш ерг цуьнан баба хилла. Ша хIун дийр дара те йоIана хазахетийта бохуш, ойланаш еш хилла бабас.

Цхьана дийнахь цунна совгIатана цIен бархатан куй белла цо. И цIен куй шегахь дика товш болу дела, кхиболу куй тилла лууш ца хилла йоIана. Цундела гергарчара, ЦIен Куй берг аьлла, цIе тиллина йоIана. Дукха хан ялале и цIе массарна а юкъахь дIаяхана.

– Хьовсал, ЦIен Куй берг йогIу! – олуш хилла наха.

Цхьана дийнахь нанас йоIе аьлла:

– Схьайолахь, ЦIен Куй берг, хIара хьокхамаш а, шура а хьайн бабина дIахьохьа. Баба цомгуш хилла. Иза сиха тоялийта, цунна юург дIаяхьа еза. Сихха кеч а лой, делкъе тIекхачале гIой йолахь. Варелахь, сан хьомениг, некъа тIера дIаса ца йолуш, нийсса дIагIолахь. Хьо дIакхаьчча, бабин де дика дан йиц а ма лолахь.

– Нана, дерриг а, ахьа ма-аллара, дийр ду ас, – аьлла ЦIен Куй болчо.

Ткъа баба йолчу кхача хьуьна юккъехула дIаяха езаш хилла йоI. Эха сохьтехь некъ

бан безаш хилла ЦIен Куй болчо. Иза хьун чу юллушехь, цунна дуьхьалкхетта борз. Ткъа йоIана хууш ца хилла борз мел буьрса, дера экха ду. Цундела иза цунах жимма а кхера ца елла. Барзо бетах мотт хьоькхуш хилла, иза яа дагахь, амма хьуьна чохь генах доццуш хезаш деттачу дагарийн тата-наш хилла. Цундела борз йоI яа ца яьхьна.

Бетах мотт а хьаькхна, ойла йина барзо:



«Iехор ю аса хIара», – аьлла. ТIаккха цо йоIе аьлла:

– Де дика хуьлда хьан, ЦIен Куй берг!

– Диканца ехийла хьо а, борз!

– Иштта хьалхе стенга йоьду хьо, ЦIен Куй берг?

– Баба йолчу.

– Ткъа хьан тускар чохь хIун ю?



– Хьокхамаш а, шура а ю. Сан баба цомгуш хилла, цундела со цунна яа хIума эцна йоьду.

– Мичахь Iаш ю хьан баба?

– Кхин а кIеззиг бан некъ бисина сан цига дIакхача. Хьуьнна дехьаваьлча, нежнашна юккъехь лаьтташ ду бабин цIа, ткъа цунна лахахь бIарийн беш а ю.

Барзо, ла а дугIуш, ойла еш хилла: «Мел тайна а, къона а ю хIара йоI. ХIара бабел а мерза хир ю. ХIилла дан деза ас, хIара ший а дIаяархьама».

Барзо, ЦIен Куй болчунна юххе а гIерташ, бохуш хилла:

– Хьажахь, ЦIен Куй берг, ма хаза зезагаш ду гонах, ткъа хьо цаьрга дIахьожуш а яц. Ца хеза хьуна олхазарша лоькху исбаьхьа эшарш? Хьо-м чIогIа сихъелла йоьду, хьо ишколе тIаьхьайисарна кхоьруш санна. Ткъа хIокху хьуьнхахь мел самукъане ду!

ЙоI дIасахьаьжира. Ditташна юккъехула хелхаюьйлуш маьлхан зIаьнарш а, дукха исбаьхьа зезагаш а шена гича, иза ойлане елира: «Нагахь санна ас бабина хIара хаза хьожа йогIу зезагаш даьхьча, цунна хазахетар ду. ХIинца а хьалхе ду, со кхуьур ю цига дIакхача».

Зезагаш дохуш, некъа тIера дIа а яьлла, юькъа хьун йолчу агIор дIаяхара иза. Цхьа зезаг даьккхича, важа кхин а чIогIа хазлой, цунна тIейоьдуш, сих а ца луш, йогIура иза. Иштта



кхин а генна хьуьна юккъе дIаяхара ЦIен Куй берг.

Ткъа барзо, боцачу некъа тIехула едда бабин цIенна тIе а еана, неI туьйхира.

– Мила ву цигахь? – аьлла, хаьттира бабас.

– Со ю, ЦIен Куй берг. Ас хьуна хьокхамаш а, шура а еана. ДIаеллахь суна неI! – элира барзо.



– НеӀаран тӀам хьовзабе, дӀаеллалур ю хьуна, – аьлла, мохь туьйхира бабас.

Барзо тӀам хьовзийча, неӀ дӀаеллаелира. Кхин цхьа а дош а ца олуш, маьнгина тӀе а едда, баба дийнна гай чу яхийтира барзо.

ТӀаккха цо, бабин коч тӀе а юьйхина, цуьнан юьжуш туьллу куй шен коьрта тӀе а озийна, цуьнан мет-





та дIа а йижна, маьнгина дуьхьал уллу киса дIаозийра.

Ткъа ЦIен Куй берг хьуьна юккъехула, зезагаш а дохуш, сих а ца луш, схьайогIуш яра. Дуккха а зезагаш ша даьхна яьлча, баба дага а еана, цуьнан цIа долчу дIаедира йоI. Схьайил-

лина неI гича, ЦIен Куй берг чIогIа цецъелира. ЦIа чу яьлча, и чоь цхьа шатайпа тамашийна хийтира цунна.

«Ва, сан Дела! – аьлла, дагатесира йоIана. – Баба йолчохь чIогIа хазахеташ хилла йолу со, тахана ма кхоьру!»

– Iуьйре дика хуьлда хьан, баба! – аьлла, мохь туьйхира ЦIен Куй болчо.

– Мила ву цигахь? – хаьттира барзо.

Ткъа цуьнан аз стомма а, йиш хаьлла а дара.

ЦIен Куй берг цкъа кхераелира, цул тIаьхьа



ойла йира цо: «Баба, шел а елла, йиш хаьлла ю, цундела цуьнан аз а иштта ду».

– Со ю, ЦIен Куй берг, – жоп делира йоIа. – Ас хьуна хьокхамаш а, шура а еана.

– Хьокхамаш стоьла тIе охьадахка, шура тер-хи тIе охьахIоттае, ткъа хьо суна улло схьайо-ла, – элира барзо.

ЦIен Куй болчо, маьнгина тIе а еана, ба-бас ша дIаюьжуш дуьхьал уллуш йолу шаршу дIахилийра. Маьнги тIехь йижина Iуьллуш яра баба, юьжуш туьллу куй юьхь тIе а озийна. Цуьнга хьаьжча, чIогIа тамашийна хийтира иза йоIана.

– Ватта, баба, хьан лергаш иштта даккхий хIунда ду? – аьлла, цецъелира йоI.

– Хьо дика хазархьама ду!

– Ватта, баба, хьан бIаьргаш иштта баккхий хIунда бу?

– Хьо дика гархьама бу-кх!

– Ватта, баба, хьан куьйгаш иштта даккхий хIунда ду?

– Хьо чIогIа марайоллархьама ду-кх!

– Ватта, баба, хьан бага йоккха а, ирча а хIунда ю?

– Хьо яархьама ю!

Иза оллушехь, маьнги тIера хьала а иккхина, барзо гай чу яхийтира декъаза ЦIен Куй берг.

Ша юьзначул тIаьхьа, юха а маьнги тIе а



яьлла, дIайижира борз. Жимма хан яьлча, чIо-гIа «хар-хир» дан йолаелира иза.

Цу хенахь цIенна тIехволуш хилла талламхо. «Йоккха стаг ма чIогIа «хар-хир» деш ю! – аьлла, дагадеана цунна. – ЦIа чу а вахана, иза хIун деш ю хьажа веза со».

ЦIа чу а ваьлла, маьнгина тIе а вахана, хьаьжча, цунна гина наб кхетта Iуьллу борз.

– Хьажахь, хIинца-м караеара хьо суна, къанъелла зуламхо! Ма дукха хан ю ас хьо лоьху! – аьлла, лохха вистхилла талламхо.

Сирачу зуламхочунна тIехьажийна топ а йо-луш, лаьттачу кхунна цIаьххьана дагадеана: там бара барзо йоккха стаг йиъна хила, аьл-ла. «Иза иштта делахь, и миска кIелхьаръяк-кха еза ас», – аьлла, сацам бина талламхочо.

Топ ца тухуш, саца а велла, тукар схьаэцна хIокхо. Наб кхетта Iуьллучу берзан гай, хада а дина, цо схьадиллина. КIеззиг тукарца гай хадошшехь, цIен куй гучубаьлла. Кхин дIа а ха-дийча, берзан гай чуьра йоI араиккхина.

– Оввай, мел кхераме дара цу чохь! Ма чIогIа бода бара оцу берзан гай чохь, – аьлла йоIа.

Цул тIаьхьа баба а араяьлла цу чуьра. Цуьн-га халла бен садеIалуш а ца хилла.

ЦIен Куй болчо, яхана, сихха даккхий тIулгаш схьадеана. ТIаккха цара и тIулгаш берзан гай чу доьхкина.

Самаяьлча, борз дIаяда гIоьртина, амма гай чуьра тIулгаш деза хиларна, иза ша йолччохь охьайоьжна, эццахь цуьнан са а даьлла.

Массарна а и хIума чIогIа хазахетта хилла. Таллархочо барзана тIера цIока схьа а яьккхина, шен цIа дIаяьхьна. ЙоIа деана долу хьокхамаш а диъна, шура а мелла, баба тоелла, дIахIоьттина.



*Детское издание*

**БРАТЬЯ ГРИММ**

**КРАСНАЯ ШАПОЧКА**

Перевод на чеченский язык **Тамара Чагаева**

**Рисунки Лариса Пароева**

Макет и компьютерная верстка *Л. А. Фадеева*

Формат 70x100$^{1}/_{16}$. Гарнитура Arial

